



1. Aplikan		2. Dat Aplikasyon					
3. Adrès Aplikan an		4. Telefòn Aplikan an					
5. Non Responsab Rasanbleman an	6. Telefòn Responsab Rasanbleman an	7. Nimewo Telefòn Mobil Responsab Rasanbleman an					
8. Adrès Imèl Responsab Rasanbleman an							
9. Adrès Responsab Rasanbleman an							
10. Dat Evènman an (mwa/jou/ane)	11. Jou Semèn nan						
	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi	Dimanch
12. Lè l ap Kòmanse <small>ki enkli tan ki nesèsè pou enstalasyon/preparasyon</small>	13. Lè l ap Fini <small>ki enkli tan ki nesèsè pou demontaj ak chanjman materyèl yo</small>						
14. Nati Evènman an (dekri aktivite a)							
15. Èske w te aplike pou yon otorizasyon anvan sa? Si wi, tanpri endike dat aplikasyon an ak non aplikan an.							
16. Lokalizasyon Evènman an							
17. Ki kantite patisipan evènman w lan ap mennen? <small>*Si se plis pase 5,000 patisipan, li nesèsè pou gen yon otorizasyon Pati 18. Gade pi ba.</small>				18. Kantite Bis Estimatif			
19. Èske gen nenpòt nan sèvis lapolis sa yo ki nesèsè nan rasanbleman piblik la?							
Kontwòl Transpò Piblik		Si wi, eksplike → _____					
Kontwòl Foul		Si wi, eksplike → _____					
20. Ki ekipman ak enstalasyon w ap genyen nan espas la?							
Ansèy, Pankat		Tab, Kantite: _____		Chèz, Kantite: _____			
Podyòm		Ekipman pou Ekleraj		Bandwòl, Dimansyon: _____		Kantite: _____	
Sistèm Son Pòtatif		Distribisyon Dokimantasyon		Lòt, Endike Pi Ba:			
Jeneratris		Twalèt, Kantite: _____					
21. Bay non konpayi an ak kowòdone li pou konpayi k ap founi materyèl sa yo:							
<p><small>*Konfòmman ak Pati 18 Tit 10 Kòd, Règ ak Règleman New York yo (New York Codes, Rules and Regulations), tout evènman piblik ki gen chans pou atire 5,000 oswa plis patisipan nesèsite yon otorizasyon nan men Depatman Sante (Department of Health), epi tout apwobasyon pou Aplikasyon sa a pral depannde obtansyon yon pèmi nan kategori sa nan men Depatman Sante a.</small></p>							

22. Èske òganizasyon w lan ap netwaye espas la apre evènman an? Wi Non	23. Èske evènman w lan ap bezwen itilizasyon kouran elektrik? Wi Non
24. Èske w ap sèvi ak benevòl pou bay sipò nan rasanbleman sa a? Wi Non Si wi, Konbyen:	
25. Si wi, kijan w ap fè pou idantifye benevòl yo? Chapo - Koulè: _____ Badj - Koulè: _____ Mayo - Koulè: _____ Lòt, Presize: _____	
26. Non Kowòdonatè benevòl yo	27. Telefòn Kowòdonatè Benevòl yo
28. Adrès Kowòdonatè Benevòl yo	
29. Èske genyen yon posibilite rezonab pou yon moun ta swete entèwonp aktivite w la? Si wi, eksplike: 	
<p>Ou dwe soumèt fòmilè konplete sa a atravè imèl bay OGS.sm.SpecialEvents@ogs.ny.gov Oswa atravè lapòs nan: NYS-OGS Convention & Cultural Events, ESP Concourse Room 130, Albany, NY 12242.</p> <p>Dispozisyon ki relativ ak pwosedi aplikasyon an nan Pati 301 Tit 9 Kòd, Règ ak Règlemantasyon New York yo. Ou ka jwenn ekstrè Pati 301 an nan paj Aplikasyon sa a.</p> <p>Apwobasyon final la depannde retou aplikasyon sa a nan omwen 30 jou kalandriye anvan dat ki pwopoze pou rasanbleman piblik la.</p>	
_____ Siyati Responsab Rasanbleman an	_____ Dat
_____ Non ak Tit Responsab Rasanbleman an (an lèt detache)	
<p>*Konfòmman ak Pati 18 Tit 10 Kòd, Règ ak Règleman New York yo, tout evènman piblik ki gen chans pou atire 5,000 oswa plis patisipan egzije yon otorizasyon nan men Depatman Sante, epi tout apwobasyon pou Aplikasyon sa a pral depannde obtansyon yon pèmi nan kategori sa nan men Depatman Sante a.</p>	
<p>SANTE PIBLIK, SEKIRITE OSWA MEZI POU PWOTEKSYON SOSYAL Moun oswa òganizasyon k ap aplike pou otorizasyon pou fè yon manifestasyon sou yon pwopriyete Eta a, lè piblik ki sipoze patisipe a parapò ak kapasite espas dezire a souve enkyetid pou sante piblik, sekirite oswa byennèt, selon jan Komisè a detèmine sa yon fason rezonab, kapab oblije founi, ak pwòp depans pa yo, kèk sèvis oswa enstalasyon selon sa ki ka egzijib selon diskresyon rezonab Komisè a, pou fasilite dewoulman manifestasyon an nan sekirite. Sèvis oswa enstalasyon kapab enkli, men yo pa limite ak sa sèlman: mezi sekirite, enstalasyon pou premye swen, enstalasyon pou twalèt pòtatif, poubèl pou jete fatra, ramasaj fatra, netwayaj, founiti pou kouran ak konektivite pou evènman an.</p>	
<p>Li entèdi pou moun k ap fè komès antre nan pwopriyete Eta a epi vann pwodui oswa sèvis an sipò ak yon rasanbleman piblik san ke pa gen yon akò otorizasyon ke Biwo Sèvis Jeneral NYC (NYS Office of General Services) bay yon fason separe.</p>	
<p>Asirans: Non ki asire nan Sètifika Asirans lan (Certificate of Insurance) dwe koresponn ak lis Aplikan ki nan Kazye 1 fòmilè sa a.</p>	

Aplikasyon pou Demann Otorizasyon pou Rasanbleman Piblik sou yon Pwopriyete Eta a ki sou Jiridiksyon, Siveyans oswa Kontwòl OGS (9 NYCRR Seksyon 301.6) Paj 3 sou 3

301.6 Pwosedi pou aplikasyon pou itilize pwopriyete piblik pou rasanbleman.

- (a) Demann pou itilize pwopriyete Eta pou rasanbleman piblik yo se aplikan an ki fè li nan fòmilè ke komisè a preskri pou sa omwen 30 jou kalandriye anvan jou itilizasyon ke l ap mande a. Aplikan an oswa yon ofisyè ki otorize dwe siyen aplikasyon an e li dwe endike non aplikan an, dat ki pwopoze a, lè a, dire a, nati evènman an ak lokalizasyon kote aktivite a planifye pou l fèt la, yon deskripsyon konplè aktivite a, yon estimasyon piblik ki sipoze patisipe a ak yon deskripsyon sou tout enstalasyon ke aplikan an dwe founi oswa ke li mande pou komisè a founi li pou sipòte aktivite a. Biwo a dwe reponn ak aplikasyon ki ranpli yo nan yon delè ki pa pita pase senk jou anvan dat itilizasyon yo mande a. Komisè a kapab, sou baz motif ki valab, fè yon men leve sou limit tan an pou li delivre yon pèmi pou rasanbleman piblik.
- (b) Chak aplikan dwe resevwa kouvèti asirans annakò ak egzijans seksyon 301.4(d) Pati sa a [Gade pi ba pou wè dispozisyon Seksyon 301.4(d)] Sof si l benefisyè yon men leve nan men biwo a. Yon aplikan ka mande e ap resevwa yon men leve sou egzijans asirans sa a lè li kapab demontre yon fason ki satisfèzan ke (1) yon evènman jwi pwoteksyon Premye Amandman Konstitisyon Etazini an, epi (2) ke bidjè asirans lan tèlman lou oswa li enposib pou l jwenn li ke sa ka anpeche l òganize evènman an.
- (c) Komisè a rezève dwa pou li mande pou yo founi enstalasyon espesyal ke aplikan an ap peye. Enstalasyon sa yo kapab enkli, san yo pa limite ak sa sèlman, mezi sekirite espesyal, etablisman pou premye swen ak etablisman pou twalèt pòtatif ki apwopriye. Patisipan yo dwe konfòme yo tou ak tout lwa ak règleman sou sante Federal ak lokal ki aplikab yo.
- (d) Yon rasanbleman piblik kapab fèt sèlman nan espas ki endike sou otorizasyon an ak nan dat ak lè yo e nan fason ke pèmi an otorize li a.
- (e) Si yo bay refi pou yon aplikasyon, y ap enfòmè aplikan an alekri sou rezon refi a, e y ap fè l konnen ke li ka fè apèl pou refi a atravè yon demann alekri ke l ap soumèt bay komisè a nan espas 15 jou apre li resevwa notifikasyon refi a. Komisè a kapab ranvèse, konfime oswa modifiye desizyon orijinal la. Desizyon alekri komisè a sou apèl la ap soumèt 24 èdtan pou pi ta anvan lè yo te mande pou fè evènman an.
- (f) Nan analiz aplikasyon yo pou rasanbleman piblik oswa refi yo nan ka sa yo, komisè a kapab konsidere disponiblite lòt lè, dat, lokalizasyon oswa fason pou li fèt pou reyalizasyon aktivite sila.
- (g) Komisè a kapab revoke yon otorizasyon nan nenpòt ki moman sou baz motif ki endike nan seksyon 301.7 Pati sa a.

301.7 Dwa pou rejte yon aplikasyon.

Komisè a gen tout dwa pou li refize nenpòt aplikasyon pou itilize yon pwopriyete Eta a lè itilizasyon sila kapab nan detriman oswa kapab afekte yon fason irevèsib kondisyon pwopriyete Eta a, lè sa ka lakoz restriksyon sou dewoulman nòmal aktivite Eta a, oswa lè sa reprezante yon danje ki evidan pou moun yo oswa pou pwopriyete a. Anplis, yon aplikasyon kapab refize pou nenpòt nan rezon ki annapre yo:

- (a) yon aplikasyon ki te fèt anvan sa pou menm lè a ak lokalizasyon jeneral la te oswa ap apwouve e aktivite ke pèmi sa otorize yo pa aksepte yon fason rezonab plizyè okipasyon nan espas patikilye sa; oswa
- (b) aplikasyon an, ki enkli tout atachman ak soumisyon ki egzije yo, pa ranpli oswa egzekite nèt; oswa
- (c) aplikan yo pa t rive jwenn asirans oswa yon men leve pou asirans; oswa
- (d) aplikasyon an genyen enfòmasyon ki fo oswa deklarasyon ki fo; oswa
- (e) aplikan an pa gen konpetans legal pou li fè kontra oswa pou li pousuiv oubyen pou yo pousuiv li lajistis; oswa
- (f) aplikan an oswa moun ke aplikasyon pou otorizasyon an fèt nan non li an te andomaje pwopriyete Eta a nan okazyon ki te genyen anvan, oswa te gen dèt pou Eta a ke li pa peye; oswa
- (g) nan espas kat lane anvan yo, aplikan an te vyole yon kondisyon itilizasyon yon otorizasyon Eta a, oswa nenpòt lwa, oswa règleman ki lye ak itilizasyon pwopriyete Eta a; oswa
- (h) itilizasyon oswa aktivite ke aplikan an gen entansyon fè a an konfli ak pwogram ke komisè a esponsòrize e planifye pou fèt nan menm espas jeneral la ak pandan tout oswa yon pati nan menm lè a; oswa
- (i) itilizasyon oswa aktivite aplikan an gen entansyon fè a pa konsistan ak objektif ki prezante pou demann lokalizasyon espesifik la; oswa
- (j) lokalizasyon ke yo mande a pa apwopriye pou itilizasyon oswa aktivite yo gen entansyon fè a akoz nati espesyal li; oswa
- (k) itilizasyon oswa aktivite ke yo gen entansyon fè a kapab entèfere yon fason ki pa rezonab ak jwisans lòt moun nan espas la; oswa
- (l) kantite moun ki angaje nan evènman an depase kantite ke yo ka resevwa nan yon fason ki rezonab nan espas patikilye a; oswa
- (m) lalwa oswa Pati sa a pa otorize itilizasyon oswa aktivite ke aplikan an gen entansyon fè a.

301.8 Dwa pou limite itilizasyon akoz sikonstans ki te enprevi.

Komisè a gen tout dwa pou limite itilizasyon enstalasyon Eta a, nan nenpòt ki moman, poutèt egzijans fonksyonman ki enprevi.

301.9 Planifikasyon, anilasyon, konsistans ak aplikasyon an.

Jesyonè enstalasyon yo responsab pou planifye itilizasyon enstalasyon Eta a. Evènman ki planifye yo dwe dewoule nan respè paramèt ki apwouve yo, ki enkli men ki pa limite ak itilizasyon ki dekri a, delè yo, espas fizik yo ak tout kondisyon ke komisè a enpoze. Evènman oswa aktivite ki pa konsistan ak paramèt ki apwouve yo konstitiye yon vyolasyon Pati sa a e kapab sijè pou yo anile li. Apwobasyon yon evènman pa vle di ke Eta a andose responsabilite a e komisè a kapab egzije ke yon aplikan enkli dechaj ki apwopriye pou materyèl oswa piblikasyon li yo. Eta a pa responsab okenn pèt oswa domaj kòporèl oswa pou blesi kòporèl ki rive nan pwopriyete Eta a; sou kondisyon, toutfwa, ke sibdivizyon sa a pa anpeche komisè a pou li egzamine yon reklamasyon pou domaj materyèl oswa kòporèl konfòmman ak seksyon 8(12-a) Lwa Finans Eta a.

301.4(d) Asirans.

Egzijans pou asirans yo etabli pou founi finansman ki apwopriye pou endamnizasyon Eta New York la ak biwo pou reklamasyon pou domaj kòporèl oswa domaj materyèl ki se rezilta oswa ki konekte nan nenpòt ki fason ak itilizasyon enstalasyon Eta a jan dokiman sa prevwa li. Se politik Biwo Sèvis Jeneral la pou egzije asirans pou responsabilite sivil antrepriz yo ak limit omwen \$1,000,000 pou chak evènman, \$2,000,000 nan total la, ki deziyen Popilasyon Eta New York la, dirijan li yo, ajan ak anplwaye yo, kòm asire siplemantè. Yon sètifika asirans nan yon fòmilè akseptab pou komisè a, ki deziyen Eta a kòm yon asire adisyonèl, dwe delivre bay komisè a anvan lansman nenpòt ki evènman. Kapab genyen aranjman altènatif pou antite gouvènmanal ki asire tèt yo sou apwobasyon alavans komisè a, akondisyon ke gen yon garanti finansye konparab ki asire. Non ki asire nan Sètifika Asirans lan dwe koresponn ak lis Aplikan ki nan Kazye 1 fòmilè sa a.